

**PURWAKANTHI ING CAKEPAN TEMBANG
ANGGITANIPUN SUJIWO TEJO**

RINGKESAN SKRIPSI

**Kaaturaken dhumateng Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah
Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta
Minangka Jejangkeping Sarat Anggayuh
Gelar Sarjana Pendidikan**



**Dening
Sintha Wijayanti
NIM 14205244003**

Yogyakarta, 12 April 2018
Pembimbing,

Dr. Mulyana, M.Hum
NIP 19661003 199203 1 002

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2018**

Purwakanthi ing Cakepan Tembang Anggitanipun Sujiwo Tejo

Dening
Sintha Wijayanti
14205244003

Sarining Panaliten

Panaliten menika gadhah ancas saperlu damel deskripsi utawi nggambaraken babagan jinising purwakanthi saha fungsi purwakanthi wonten ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo. Data panaliten menika awujud ukara saha tembung saking cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo.

Panaliten menika ngrembag jinising purwakanthi saha fungsi purwakanthi ingkang dipuntliti kanthi metode deskriptif. Data dipunkempalaken kanthi cara nyemak lajeng dipunserat. Caranipun ngesahaken data ngginakaken validitas saha reliabilitas.

Asiling panaliten menika kapanggihaken jinising purwakanthi saha fungsi purwakanthi wonten ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo. Jinising purwakanthi, inggih menika; (a) purwakanthi guru swara, (b) purwakanthi guru sastra, saha (c) purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Dene fungsi purwakanthi inggih menika; (a) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken andharan pitutur, (b) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken kekarepan utawi pangajab, (c) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran perjuanganing tresna, (d) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kawontenan tiyang, (e) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ing alas utawi alam, (f) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ingkang bungah, (g) kangge nggayutaken tetembungan saha kangge mbangun ukara supados langkung urip, (h) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ingkang sedhih, (i) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran pagesangan ing kasunyatan, saha (j) kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken babagan pamanggih pangripta.

Tembung kunci : purwakanthi, cakepan tembang, Sujiwo Tejo

A. PURWAKA

Salah satunggaling wujud kabudayan jawi inggih menika tembang. Tembang inggih menika seni swanten utawi seni vokal ingkang dipunasilaken dening pita swara manungsa. Gayut kaliyan fungsipun, tembang ugi dipunginakaken kangge nyengkuyung maneka warni seni pagelaran kadosta wayang, tari, kethoprak lan sanesipun. Ing jaman samenika kathah tiyang wiranem ingkang kirang mangertos wujudipun tembang, kadosta tembang gedhe, tengahan, utawi macapat. Ananging ing jaman samenika wonten budayawan Indonesia ingkang nglestantunaken tembang kanthi modern. Sujiwo Tejo menika budayawan Indonesia minangka dhalang, penyanyi ingkang nguri-uri kabudayan Jawi.

Cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo menika ngginakaken basa konotatif. Basa konotatif inggih menika basa ingkang ndadosaken teges kedah dipuntafsir (Mulyana, 2014:42). Tembang anggitanipun Sujiwo Tejo ugi kathah ngginakaken purwakanthi. Miturut Padmosoekotjo (wonten ing Mulyana, 2014:48) purwakanthi menika salah satunggaling aspek susastra ingkang ndadosaken tembang menika langkung endah. Cakepan-cakepan wonten ing saben tembung ing tembang saged katon endah saha gadhah *nilai estetis* ingkang sae amargi dipunsekaraken kanthi irama ingkang sae.

Wos ing tembang menika gadhah nilai estetis, saged arupa musik ingkang dados pengiring utawi cakepan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pitutur lewat tembang menika. Tuladhanipun huruf vokal ingkang sami wonten ing wingking tembung ingkang dipunginakaken wonten ing cakepan tembang menika ndadosaken bedanipun kaliyan gineman limrahipun. Basa ingkang ngginakaken vokal ingkang sami wonten ing padha tembang gadhah fungsi kangge paring nilai estetis lagu menika. Fungsi sanesipun inggih menika ngandharaken makna ingkang wonten ing tembang menika (Prestisa, 2013:5).

Dados saking menika, tembang anggitanipun Sujiwo Tejo ngandhut perangan ingkang endah saking cakepan ingkang dipunsekaraken. Cakepan ing tembang menika kathah purwakanthi menawi dipuntliti. Para pamriksa ingkang midhangetaken samenika kirang mangertos utawi kirang nggatosaken purwakanthi ingkang wonten ing cakepan-cakepan tembang.

Saben purwakanthi gadhah titikan ingkang beda antawis satunggaling purwakanthi kaliyan sanesipun. Purwakanthi guru basa utawi lumaksita gadhah titikan runtut basanipun. Purwakanthi guru sastra gadhah titikan runtut sastranipun utawi konsonanipun. Purwakanthi guru swara gadhah titikan runtut swantenipun utawi vokalipun.

Panaliten ingkang ngrembag cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo menika supados para tiyang ingkang midhangetaken pirsu kadospundi endahing lagu menika menawi dipunpirsani saking sastranipun mliginipun babagan purwakanthi. Endahing basa purwakanthi ing salebeting cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo menika ndadosaken satunggaling piranti kangge narik kawigaten para mudha supados nguri-uri basa Jawi.

Panaliti badhe ngadani panaliten kanthi irah-irahan Purwakanthi ing Cakepan Tembang Anggitanipun Sujiwo Tejo. Amargi purwakanthi minangka satunggaling bab ingkang wigati saha ndadosaken satunggaling karya sastra menika saged ngandhut nilai sastra. Amargi kathah tiyang ingkang kirang mangertos bab purwakanthi, lajeng supados para mudha nguri-uri kabudayan Jawi menika.

Adhedhasar wosing panaliten ingkang sampun dipunandharaken, pramila ancasing panaliten inggih menika :

1. Ngandharaken jinising purwakanthi ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo.
2. Ngandharaken fungsi purwakanthi ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo.

B. GEGARAN TEORI

1. Strukturalisme Semiotik

Karya sastra mliginipun tembang menika kasusun saking basa-basa ingkang runtut saha endah. Basa-basa menika asil saking pamanggihipun ingkang ngripta. Basa-basa menika dados *simbol* utawi tandha wonten ing karya sastra, tandha menika kedah dipunandharaken piyambak dening ingkang maos supados saged mangertos wosipun karya sastra menika. Endraswara (2003:64) ngandharaken bilih basa menika saged damel *sistem ketandaan* ingkang dipunwastani semiotik. Dados saking *semiotik* menika, saged mangertos tandha-tandha basa wonten ing karya sastra. Semiotik menika saking basa Yunani *semeion* ingkang tegesipun tandha. Wonten ing kasusastran, semiotik menika salah satunggaling cara panaliten sastra ingkang ngrembag perkawis tandha-tandha wonten ing karya sastra kangge mangertosi tegesipun saha *makna* saking karya sastra menika.

Gayut kaliyan pamanggihipun Endraswara babagan tandha, Jabrohim (2012:90) ugi ngandharaken bilih semiotik menika ilmu babagan tandha. Semiotik menika babagan sistem-sistem, aturan-aturan, konvensi-konvensi ingkang tandha-tandhanipun ngewrat teges utawi makna. Pamanggihi menika laras kaliyan pamanggihipun Endraswara (2003:64) ngandharaken bilih *strukturalisme semiotik* menika paniliti nggayutaken *aspek-aspek struktur* kaliyan tandha-tandha. Wonten ing kadadosan *strukturalisme semiotik*, panaliti kedah nggatosaken tandha-tandha kaliyan *struktur* karya sastra. Saking andharan menika saged kapendhet dudutan bilih *strukturalisme semiotik* menika salah satunggaling cara panaliten sastra ingkang ngrembag perkawis gegayutanipun *struktur* karya sastra kaliyan tandha-tandha ingkang wonten ing karya sastra, supados saged mangertos teges kaliyan *makna* saking karya sastra menika. Miturut Teeuw lumantar ing (Pradopo, 2001:55) analisis strukturalisme inggih

menika ngandharaken makna utawi teges saking sedaya unsur karya sastra. Andharan menika ugi dipunsarujuki dening Hawkes lumantar ing Pradopo (2001:93) bilih strukturalisme semiotik inggih menika unsur-unsur ingkang wonten ing karya sastra menika boten gadhah makna utawi teges piyambak-piyambak, ananging makna utawi teges menika saking gayutanipun unsur-unsur sedayanipun. Saking pamanggih ing inggil menika, dados strukturalisme semiotik menika ngandharaken makna utawi teges karya sastra saking sedaya unsur ingkang wonten ing karya sastra.

2. Aspek Susastra

Kasusastran Jawi kedah saged nyakup sedayanipun unen-unen ingkang kadadosan saking tatananipun tembung-tembung Jawi. Miturut Padmosokotjo (ing Mulyana, 2014:48) aspek susastra kadosta tembung garba, purwakanthi, parikan, tembung saroja, lan sanesipun.

a. Purwakanthi

Purwakanthi miturut Padmosoekotjo inggih menika teges perangan ingkang nggandheng tembung ingkang sampun kasebut wonten ing ngajeng utawi purwa. Dene ingkang dipungandheng menika saged swara, tembung, utawi saged ugi aksara (Padmosoekotjo, 1958: 118). Pamanggih menika ugi gayut kaliyan pamanggihipun Subalidinata (1974:6) bilih purwakanthi ugi kasebat “sajak” inggih menika runtutaning swara. Purwakanthi kalebet basa rinengga wonten ing salebeting geguritan utawi tembang. Pamanggih menika ugi larasa kaliyan pamanggihipun Padmosoekotjo (1960:96) rinengga ateges dipunpacaki, dipunpaesi, rinengga menika supados endah bregas, ngresepake. Basa rinengga tamtu ngemu surasa kaendahan, kaendahaning basa.

Purwakanthi kalebet basa endah utawi rinengga wonten ing karya sastra Jawi. Purwakanthi inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun, basanipun

kaliyan swantenipun. Purwakanthi saged wonten ing paribasan, ing bebasan, ing saloka, pepindhan, tembang lan gancaran, saha ingkang kedah ngginakaken purwakanthi inggih menika parikan saha guritan.

Purwakanthi kaperang dados tiga, inggih menika :

a. Purwakanthi guru swara

Purwakanthi guru swara inggih menika purwakanthi utawi unen-unen ingkang runtut swantenipun (vokal). Purwakanthi guru swara boten namung wonten ing gancaran, parikan saha guritan. Purwakanthi guru swara ugi wonten ing lagu dolanan, lelagoning gendhing saha tembang. Miturut pamanggihipun Padmosoekotjo (1958:118) purwakanthi swara inggih menika purwakanthi ingkang paugeranipun swanten, ingkang dipungandheng swantenipun.

Tuladhanipun purwakanthi guru swara kados ing ngandhap menika :

1) **Ana rina ana rupa** (Mulyani, 2013:42)

Ing ukara menika ing perangan ngajeng wonten swara **/a/**, ing tembung **ana**. Swara **/a/** menika dipungandheng dening perangan ingkang buri, utawi kasebut malih wonten ing perangan candhakipun, inggih menika tembung **rina**. Tuladha menika ugi ngandharaken bilih wonten ing purwakanthi guru swara, vokalipun dipunambali. Saged dipuntingali wonten ing tuladha nginggil menika, bilih aksara ingkang dipunserat kandel menika ingkang dadosaken ukara menika kalebet ing purwakanthi guru swara.

b. Purwakanthi guru sastra

Miturut pamanggihipun Padmosoekotjo (1958:105) purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun. Laras kaliyan pamanggihipun Hadiwidjana (1967:64) bilih purwakanthi guru sastra inggih menika ingkang rakitaning ukara nunggal sastra utawi nunggal aksara.

Pamanggih menika dipunsarujuki dening Hadisoebroto (1982:56) bilih purwakanthi guru sastra inggih menika aksara-aksara utawi sastra ingkang andamel reseping rasa, runtuting pangrungu, kepenaking talingan saha sastranipun ugi saged edi peni tumrapping seratan utawi sastra.

Saking andharan menika dados purwakanthi guru sastra menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi titikanipun wonten ing huruf vokalipun.

Tuladhanipun purwakanthi guru sastra kados ing ngandhap menika :

2) **Tata titi tutug tatag, tanggung tertib.**

Ing tuladha (2) perangan purwa utawi wiwitan wonten aksara /t/, ing tembung **tata**. Aksara /t/ menika dipungandheng utawi dipunsebataken malih ing perangan candhakipun, tembung tutug. Tuladha ing inggil menika ngandharaken bilih purwakanthi guru sastra menika saben tembung mawa konsonan ingkang sami. Purwakanthi guru sastra menika kadadosan saking saben huruf konsonan ingkang wonten ing saben tembungipun saha tembung-tembung menika saged gegayutan saha gadhah teges bilih dipundadosaken ukara. Saged dipuntingali wonten ing tuladha ing nginggil menika, bilih aksara ingkang dipunserat kandel menika ingkang dadosaken ukara menika kalebet ing purwakanthi guru sastra.

c. **Purwakanthi guru basa utawi lumaksita**

Miturut Hadisoebroto (1982:57) purwakanthi guru basa utawi lumaksita inggih menika tembung-tembung ingkang dipunambali, dados saged nelakake anteping teges, sarta saged tumanen ing rasa. Tembung lumaksita menika lumaku, dados purwakanthi lumaksita menika ngambali tembung ingkang sampun kasebut ing ngajengipun.

Dados purwakanthi guru basa utawi lumaksita inggih menika unen-unen

utawi ungel-ungelan ingkang runtut basanipun. Titikanipun wonten ing tembung ingkang dipunambali.

Tuladhanipun purwakanthi guru basa kados ing ngandhap menika :

- 3) Lamun adoh **caket** ing ati, yen **caket** tansah mulat. (Endraswara, 2010:144)

Ing perangan (3) ingkang inggil wonten tembung **caket**. Ing pangarsa, tembung **caket** menika lumaku utawi lumaksita lajeng dipunambali ing ukara salajengipun. Saking tuladha ing inggil menika purwakanthi guru basa utawi lumaksita menika tembung ing pungkasaning gatra kapisan, dipunamabali malih ing gatra kaping kalih. Tembung ing ngajeng ukara salajengipun kedah gegayutan. Pangambalan tembung ing purwakanthi guru basa utawi lumaksita menika boten namung *reduplikasi* mawon, ananging wonten makna supados ukara menika langkung eco menawi dipunmidhangetaken. Saged dipuntingali tuladha ing nginggil menika, bilih tembung ingkang dipunserat kandel ingkang dadosaken ukara menika kalebet ing purwakanthi guru basa utawi lumaksita.

d. Fungsi Purwakanthi

Purwakanthi saged dumunung wonten ing salebeting sekar utawi tembang, geguritan, saha parikan. Padmosoekotjo (1956) ing (Mulyana, 2014:48) ngandharaken bilih purwakanthi menika salah satunggaling aspek susastra Jawi ingkang dipunginakaken supados karya sastra geguritan langkung endah. Wos ing tembang menika gadhah nilai estetis, saged arupa musik ingkang dados pengiring utawi cakepan ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pitutur lewat tembang menika. Miturut Prestisa (2013:5) basa ingkang ngginakaken purwakanthi wonten ing cakepan tembang gadhah fungsi kangge paring nilai estetis lagu menika. Fungsi

sanesipun inggih menika ngandharaken makna ingkang wonten ing tembang.

Saking andharan ing nginggil menika dados fungsi purwakanthi menika supados gayutipun tetembungan karaos eca amargi boten ngginakaken basa ingkang boten limrah utawi rinengga utawi endah. Fungsi sanesipun inggih menika purwakanthi saged nuwuhaken makna utawi teges.

3. Tembang

Tembang inggih menika reriptan utawi dhapukaning basa mawa paugeran tartamtu utawi gumathok ingkang pangucapake kedah dipunlagokaken ngginakaken swara (Padmosoekotjo, 1960:25)

4. Cakepan

Cakepan inggih menika unen-unen ing tembang utawi tetembungan ingkang wonten ing tembang (Padmosoekotjo, 1960:26). Laras kaliyan pamanggihipun pamanggihipun Hadisoebroto (1982:100) bilih cakepan utawi lirik menika saking tembung lyra, kados clempung utawi ster. Tiyang ingkang nyemplung utawi nyiter binarung rengeng-rengeng, utawi lelagon ngandharaken cipta rasaning manah, rasa bungah kaliyan susah, gumun, tresna, sengit, gething lan sanesipun.

C. CARA PANALITEN

Panaliten kanthi irah-irahan *Purwakanthi ing Cakepan Tembang Anggitanipun Sujiwo Tejo* menika ngginakaken *metode* panaliten *deskriptif* mawi cara *strukturalisme*. Ngginakaken metode panaliten *deskriptif* amargi data panaliten menika awujud tembung saha ukara cakepan tembang ingkang ngewrat purwakanthi. Data menika dipundesripsikaken utawi dipunandharaken lajeng cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo menika salah satunggaling seni budaya Jawi. Miturut Pradopo (2001:13) panaliten sastra menika prelu

nengenaken sifat sastra ingkang khas, khusus utawi unik. Panaliten menika, nengenaken purwakanthi. Panaliten *deskriptif* menika ancasipun kangge deskripsikaken, saha kangge mangertosi *subjek* ingkang dipuntliti. Ing panaliten menika, subjekipun cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo. Panaliten menika gadhah ancas saperlu damel deskripsi babagan jinising saha fungsi purwakanthi ingkang dipunginakaken ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo.

Sumbering data saking panaliten menika awujud *MP3*, saha cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo saking *website* www.sujiwotejo.net. Ngginakaken *MP3* kaliyan *website* www.sujiwotejo.net amargi *website* menika asli saking Sujiwo Tejo dados langkung terpercaya tinimbang *website* sanesipun.

Caranipun ngempalaken data ing salebeting panaliten menika kanthi cara nyemak. Ngginakaken cara nyemak amargi data ingkang dipunkempalaken menika awujud cakepan tembang inggih menika tembung kaliyan ukara. Urut-urutanipun ngempalaken data panaliten inggih menika, kawiwitan saking *download* tembang kaliyan cakepan anggitanipun Sujiwo Tejo saking *website* www.sujiwotejo.net lajeng cakepan menika dipunewahi kajumbuhaken kaliyan *Ejaan yang Disempurnakan (EYD)*. Kalajengaken dipunsemak saha dipunserat data ingkang kaanggep wigati. Caranipun maos dipunlampahi kanthi premati saha ngati-ati. Cara menika dipuntindakaken kangge ngupadi data ingkang wigatos minangka data panaliten.

Data ingkang kapanggihaken dipunidentifikasi lajeng dipunserat wonten ing kertu data. Data ingkang sampun dipunkempalaken dipunwaos wongsal-wangsul supados pikantuk data panaliten ingkang trep saha leres. Data ingkang sampun kaserat lajeng dipunanalisis wonten ing tabel analisis. Data wonten ing panaliten menika wonten data primer kaliyan data sekunder. Data primer wonten ing panaliten menika, cakepan saking *website* www.sujiwotejo.net dene minangka

data sekunder inggih menika cakepan ingkang sampun kajumbuhaken kaliyan *Ejaan yang Disempurnakan* (EYD).

D. ASILING PANALITEN

1. Jinising Purwakanthi ing Cakepan Tembang Anggitanipun Sujiwo Tejo

a. Purwakanthi Guru Swara

Purwakanthi guru swara inggih menika purwakanthi utawi unen-unen ingkang runtut swantenipun utawi vokalipun.

(1) “Sasolahe tan mesthi bathine, kang baku nora ngurbanke liyan.”

Purwakanthi guru swara inggih menika unen-unen ingkang runtut swantenipun. Titikanipun pethikan (1) saged dipunwastani purwakanthi guru swara bilih wontenipun guru swara utawi tembung-tembung ingkang runtut swantenipun utawi vokalipun ing satunggal ukara utawi satunggal gatra. Ukara ing (1) menika kalebet ing jinising purwakanthi guru swara amargi runtuting swara ing tembung ingkang kaserat kandel. Tembung ingkang kaserat kandel menika tembung sasolahe, saha bathine. Guru swara ingkang runtut menika aksara /e/. Dados ukara menika (1) kalebet ing jinising purwakanthi guru swara. Menawi tembung bathine menika dipungantos untung, ukara ing (1) dados boten wonten purwakanthinipun., amargi boten wonten ingkang runtut swantenipun utawi vokalipun. Ukara ing (1) tegesipun, saben pratingkah boten tamtu wonten untungipun.

b. Purwakanthi Guru Sastra

Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonan. Titikan purwakanthi guru sastra inggih menika runtut ing sastranipun utawi konsonan.

(2) “Wancinya wus gara-gara, geger gara-garaning dhuwit.”

Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Purwakanthi guru sastra menika gadhah titikan bilih wonten gayutan antawisipun tembung ingkang gadhah aksara konsonan. Aksara konsonan menika kedah runtut wonten ing tetembungan. Gegayutan kaliyan perkawis menika, ukara ing (2) gadhah titikan ingkang sami kaliyan teori purwakanthi guru sastra. Wonten ing ukara (2) tembung ingkang kaserat kandel menika jumbuh kaliyan teori purwakanthi guru sastra. Tembung ingkang gadhah aksara konsonan /g/ ingkang dipunambali. Saking menika, ukara ing (2) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Tegesipun ukara ing (2) inggih menika, jaman sampun risak, amargi arta.

c. Purwakanthi Guru Basa utawi Lumaksita

Purwakanthi guru basa utawi lumaksita inggih menika purwakanthi utawi ungel-ungelan ingkang runtut basanipun.

(3) “Jebul banyune **panas, panas** ngungkuli dhuwit.”

Purwakanthi guru basa utawi lumaksita gadhah titikan pangambalan tembung antawasipun ukara satunggal kaliyan sanesipun. Gegayutan kaliyan perkawis menika, pethikan cakepan (3) ugi ngewrat purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Tandhanipun ukara menika kalebet ing jinising purwakanthi guru basa utawi lumaksita wonten tembung ingkang kaserat kandel. Tembung ingkang kaserat kandel inggih menika tembung panas. Tembung panas menika dipunambali ing ukara salajengipun ugi ngandharaken teges ukara saderengipun. Satemah pethikan cakepan ing (3) kalebet ing purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Tegesipun ukara ing (3) inggih menika jebul toyanipun panas langkung panas tinimbang arta. Arta ingkang panas menika arta ingkang boten halal.

2. Fungsi Purwakanthi ing Cakepan Tembang Anggitanipun Sujiwo Tejo

a. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken andharan pitutur

(1) “Blakasuta, dibisa blakasuta.”

Adhedhasar teori, cakepan ing (1) menika kalebet ing jinising purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Purwakanthi guru basa utawi lumaksita inggih menika unen-unen ingkang runtut basanipun. Cakepan ing (1) ingkang runtut menika tembung blakasuta. Tembung blakasuta ugi ndadosaken endahing tembang menika menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah amargi wonten purwakanthinipun. Menawi purwakanthinipun dipunewahi, kadosta (1a) “Waleh, dibisa blakasuta.” dados kirang endah menawi dipunsekaraken. Purwakanthi guru basa ing cakepan (1) ugi nuwuhaken makna ingkang ngandharaken pitutur. Tembung blakasuta menika gadhah teges ngendika apa anane. Dados cakepan ing (1) menika ngandharaken pitutur kita kedah dados tiyang ingkang blakasuta utawi kedah ngendika apa anane.

b. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken kekarepan utawi pangajab.

(2) “Rina wengi tansah anyenyuwun madhep mantep tan kendho”

Adhedhasar teori, cakepan ing (2) menika kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Cakepan ing (2) ingkang runtut menika aksara /m/ ing tembung kaserat kandel inggih menika tembung madhep saha mantep. Tembung ingkang kaserat kandel menika ugi ndadosaken endahing tembang menika menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah amargi wonten purwakanthinipun. Menawi

purwakanthinipun dipunewahi, kadosta (2a) “rina wengi tansah anyenyuwun yakin tan kendho” dados kirang endah menawi dipunsekaraken. Purwakanthi guru swara ing cakepan (2) ugi nuwuhaken makna ingkang ngandharaken kekarepan. Frasa madhep mantep menika gadhah teges yakin. Dados cakepan ing (2) menika ngandharaken nyuwun kayakinan supados boten mencla-mencle.

c. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran perjuangan tresna.

(3) “Tak wutakke netra panamatku mung lumantar rasa.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (3) kalebet ing jinising purwakanthi guru swara. Purwakanthi guru swara inggih menika unen-unen ingkang runtut swaranipun utawi vokalipun. Cakepan ing (3) menika, ingkang runtut swaranipun inggih tembung netra saha rasa. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (3) kalebet ing jinising purwakanthi guru swara. Tembung netra saha rasa menika ugi ndadosaken endahing swara menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru swaranipun ing aksara /a/. Menawi cakepan ing (3) dipunewahi purwakanthinipun dados (1a) “Tak wutakke mripat panamatku mung lumantar manah.” Cakepan ing (3a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut swaranipun. Cakepan ing (3) ugi nuwuhaken makna ingkang gambaraken perjuangan tresna. Tegesipun ukara ing (3) kula nyingkirake paningal, namung ngginakaken manah. Dados cakepan ing (3) menika gambaraken perjuangan tresna amargi tiyang menika boten peduli kaliyan tiyang wadon sanesipun, namung tresna satunggal tiyang.

d. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kawontenan tiyang.

(4) “Ana bocah wadon katon pinggir dalan.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (4) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Cakepan ing (4) menika, ingkang runtut sastranipun inggih tembung wadon saha dalan. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (4) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Tembung wadon saha dalan menika ugi ndadosaken endahing sastra menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru sastranipun ing aksara /n/. Menawi cakepan ing (4) dipunewahi purwakanthinipun dados (4a) “ana bocah wedok katon pinggir margi” Cakepan ing (4a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut sastranipun. Cakepan ing (4) ugi nuwuhaken makna ingkang gambaraken kawontenan tiyang. Tegesipun ukara ing (4) wonten tiyang estri ing pinggir margi. Dados cakepan ing (4) menika gambaraken kawontenan tiyang amargi nedhahaken kawontenan tiyang estri ing pinggir margi.

e. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ing alas utawi alam.

(5) “Ning grojogan sewu jebul banyune **panas, panas** ngungkuli dhuwit.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (5) kalebet ing jinising purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Purwakanthi guru basa utawi lumaksita inggih menika unen-unen ingkang runtut basanipun. Cakepan ing

(5) menika, ingkang runtut basanipun inggih tembung panas. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (5) kalebet ing jinising purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Tembung panas menika ugi ndadosaken endahing swanten menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru basanipun ing tembung panas. Menawi cakepan ing (5) dipunewahi purwakanthinipun dados (5a) “neng grojogan sewu jebul banyune panas, sumlenget ngungkuli dhuwit” Cakepan ing (5a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut basanipun. Cakepan ing (5) ugi nuwuhaken makna ingkang gambaraken kahanan ing alas utawi alam. Tegesipun ukara ing (5) banyu ing grojogan sewu menika panas. Dados cakepan ing (5) menika gambaraken kahanan ing grojogan sewu ingkang toyanipun panas, langkung panas saking arta. Tegesipun arta panas menika arta ingkang boten halal.

f. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ingkang bungah.

(6) “Swara trompet ting celeret.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (6) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Cakepan ing (6) menika, ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun inggih tembung trompet saha celeret. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (6) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Tembung trompet saha celeret menika ugi ndadosaken endahing sastra menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru sastranipun utawi konsonanipun ing aksara /t/. Menawi cakepan ing (6) dipunewahi purwakanthinipun dados (6a) “swara trompet ting glegar” Cakepan ing (6a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah

kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut sastranipun. Cakepan ing (6) ugi nuwuhaken makna ingkang gambaraken kahanan ingkang bungah utawi seneng. Tegesipun ukara ing (6) swanten trompet ingkang saut-sautan. Dados cakepan ing (6) menika gambaraken kahanan ingkang bungah utawi seneng ing pesta amargi wonten swanten trompet ingkang saut-sautan.

g. Nggayutaken tetembungan saha kangge mbangun ukara supados langkung urip.

(7) “Mantene wus dandan dadi dewa dewi.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (7) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Cakepan ing (7) menika, ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun inggih tembung dandan, dadi, dewa, saha dewi. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (7) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Tembung dandan, dadi, dewa, dewi menika ugi ndadosaken endahing sastra menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru sastranipun utawi konsonanipun ing aksara /d/. Menawi cakepan ing (7) dipunewahi purwakanthinipun dados (7a) “mantene wus macak dadi bagus ayu” Cakepan ing (7a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut sastranipun. Cakepan ing (7) ugi ndadosaken ukara langkung urip. Tegesipun ukara ing (7) mantene sampun dandan bagus ayu kados dewa dewi. Dados cakepan ing (7) menika gambaraken tiyang ingkang didandani dados gabus, ayu kados dewa dewi. Kados dewa dewi menika ingkang ndadosaken ukara menika langkung urip.

h. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ingkang sedhih utawi susah.

(8) “Nadyan mung nggandheng aneng impen.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (8) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Cakepan ing (8) menika, ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun inggih tembung mung, nggandheng, saha aneng. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (8) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Tembung mung, nggandheng, saha aneng menika ugi ndadosaken endahing tembang menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru sastranipun utawi konsonanipun ing aksara /ng/. Menawi cakepan ing (8) dipunewahi purwakanthinipun dados (8a) “nadyan mung nyekel asta ing impen” Cakepan ing (8a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut sastranipun. Cakepan ing (8) ugi nuwuhaken makna ingkang gambaraken kahanan ingkang sedhih utawi susah. Tegesipun ukara ing (8) nadyan namung saged nggandheng neng impen. Dados cakepan ing (8) menika gambaraken kahanan ingkang sedhih utawi susah amargi namung saged nggandheng ing impen, boten saged nggandheng ing kasunyatan.

i. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran pagesangan ing kasunyatan.

(9) “Sasat **pegat** sukma, **pegat** kadudut pujangga.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (9) kalebet ing jinising purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Purwakanthi guru basa utawi

lumaksita inggih menika unen-unen ingkang runtut basanipun. Cakepan ing (9) menika, ingkang runtut basanipun inggih tembung pegat. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (9) kalebet ing jinising purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Tembung pegat menika ugi ndadosaken endahing sastra menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru basanipun ing tembung pegat. Menawi cakepan ing (9) dipunewahi purwakanthinipun dados (9a) “sasat nir sukma, ilang kadudut pujangga” Cakepan ing (9a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut basanipun. Cakepan ing (9) ugi nuwuhaken makna ingkang gambaraken pagesangan ing kasunyatan. Tegesipun ukara ing (9) ilang nyawaku, dipunpendhet Sang Hyang Widi. Dados cakepan ing (9) menika gambaraken pagesangan ing kasunyatan saking tembung pegat. Pegat menika seda, menapa kemawon ingkang gesang menika tamtu bakal seda.

j. Nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken babagan pamanggih pangripta.

(10) “Tumapak donga cekat-cekete gawe iki piye.”

Adhedhasar gegaran teori bilih cakepan ing (10) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Purwakanthi guru sastra inggih menika unen-unen ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun. Cakepan ing (10) menika, ingkang runtut sastranipun utawi konsonanipun inggih tembung cekat-cekete. Tembung menika ingkang ndadosaken cakepan ing (10) kalebet ing jinising purwakanthi guru sastra. Tembung cekat-cekete menika ugi ndadosaken endahing sastra menawi dipunsekaraken. Dipunwastani endah, amargi runtut guru sastranipun ing aksara /c/. Menawi cakepan ing (10) dipunewahi purwakanthinipun dados (10a) “tumapak donga banter gawe iki piye”

Cakepan ing (10a) boten ngginakaken purwakanthi, satemah kirang endah menawi dipunsekaraken amargi boten wonten ingkang runtut sastranipun. Cakepan ing (10) ugi nuwuhaken makna ingkang ngandharaken babagan pamanggih dening pangripta. Tegesipun ukara ing (10) dedonga kok cepet-cepet. Dados cakepan ing (10) menika ngandharaken pamanggih bilih dedonga kok cepet-cepet utawi kesesa satemah ndadosaken boten khusus.

E. DUDUTAN SAHA PAMRAYOGI

1. Dudutan

Saking pirembagan menika, saged kapendhet dudutanipun bilih wonten ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo menika wonten purwakanthi. Purwakanthi guru swara, purwakanthi guru sastra, kaliyan purwakanthi guru basa utawi lumaksita. Fungsi purwakanthi miturut asiling panaliten dipunperang dados sedasa, inggih menika (a) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken andharan pitutur, (b) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken kekarepan utawi pangajab, (c) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran perjuanganing tresna, (d) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kawontenan tiyang, (e) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ing alas utawi alam, (f) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ingkang bungah, (g) Kangge nggayutaken tetembungan saha kangge mbangun ukara supados langkung urip, (h) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran kahanan ingkang sedhih, (i) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken gegambaran pagesangan ing kasunyatan, (j) Kangge nggayutaken tetembungan saha nuwuhaken babagan pamanggih pangripta.

Purwakanthi ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo dipunginakaken

dening panganggit, minangka sarana kangge ngandharaken raosing panganggit. Purwakanthi ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo dipunginakaken kangge nambah nilai estetis utawi nilai keindahan saha saged nuwuhaken makna ingkang kedah dipuntafsir. Dados saking panaliten menika, pamriksa saged mangertos gegambaran makna saking purwakanthi ingkang wonten ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo

2. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten menika, saged dipunmangertosi bilih ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo kathah ngginakaken purwakanthi ingkang saged nambah endahing karya sastra. Jinising purwakanthi ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo gadhah ancas kangge ngandharaken raosing pangripta. Ing pasinaon, asiling panaliten menika saged dipunginakaken minangka *referensi* kangge nyinaoni babagan jinis saha fungsi purwakanthi ing karya sastra. Kangge pamaos, panaliten menika saged dipunginakaken minangka *referensi* ing panaliten sanes ingkang taksih gayut kaliyan ngelmu basa saha sastra ing cakepan tembang.

3. Pamrayogi

- a. Ing cakepan tembang anggitanipun Sujiwo Tejo ugi dipunpangguhaken basa kias, diksi, pitutur. Andharan menika saged dipundadosaken acuan kangge pamaos ingkang kagungan minat kangge nлити perkawis ing inggil kasebat.
- b. Panaliten ngengingi purwakanthi prelu dipuntindak lanjuti kanthi ngginakaken objek sanes, antawisipun saged geguritan.

KAPUSTAKAN

- Endraswara, S. 2003. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Pustaka Widyatama.
- Hadisoebroto. 1982. *Sari Kasusastran Jawa*. Surakarta : Widya Duta.
- Hadiwidjana. 1967. *Tata Sastra*. Yogyakarta : U.P.Indonesia
- Jabrohim. 2001. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta : Hanindita Graha Widya.
- Mulyana. 2014. *Bahasa Jawa Kreatif*. Yogyakarta : Tiara Wacana
- Mulyani, H. 2013. *Komprehensi Tulis*. Yogyakarta : Astungkara Media
- Padmosoekotjo. 1958. *Ngengrengan Kasusatran Djawa I*. Yogyakarta : Hien Hoo Sing.
- _____ 1960. *Ngengrengan Kasusatran Djawa II*. Yogyakarta : Hien Hoo Sing.
- Pradopo. 2001. *Metode Penelitian Sastra*. Yogyakarta : PT Hanindita Graha Widya.
- Prestisa, G. 2013. “Bentuk Pertunjukan dan Nilai Estetis Kesenian Tradisional Terbang Kencer Baitussolikhin Di Desa Bumijawa Kecamatan Bumijawa Kabupaten Tegal. *Jurnal Seni Musik*, hlm.5-7.
- Subalidinata. 1974. *Sarining Kasusastran Jawa*. Yogyakarta : Teladan.